

# Lekòl Piblik Lynn

---

*Administration Building – 100 Bennett Street, Lynn, MA 01905*  
*(781) 593-1680 Fax: (781) 477-7303*



## MESAJ A PARAN YO KONSÈNAN SÈVIS ENTÈPRETASYON AK TRADIKSYON

Lekòl Piblik nan Lynn rekonèt ke kominikasyon ak kolaborasyon avèk paran e gadyen trè enpòtan pou siksè etidyan nan lekòl. Nou angaje nou pou bay sèvis tradiksyon (ekri) ak entèpretasyon (vèbal) a fanmi pouke yo ka jwe yon ròl aktif nan edikasyon pitit yo.

Pou nou ka gen bon jan kominikasyon ak paran e gadyen ki limite nan pale angle, nou bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis a paran e gadyen yo. Yon paran ou gadyen pa oblije limite nan angle onivo pale, li, ekri ak konprann pou yo kalifye pou tradiksyon ak entèpretasyon; men pito, li nesèsè pou paran ou gadyen-an limite nan omwens youn nan domèn sila yo pou yo ka resevwa sèvis yo.

Pou mande yon entèprèt nan youn nan lang nou pale yo ou tradiksyon yon dokiman lekòl, tanpri kontakte direksyon lekòl pitit ou-a. Ou ka kontakte tou Sèvis pou Angajman ak Tradiksyon Fanmi nan 781-477-7220 Ekstansyon 3360.